

.BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Manusa ti mimiti gubrag ka alam dunya geus ngabogaan dua atribut nu geus dipiboga, nya éta ngaran sorangan (*anthroponym*) jeung tempat gumelarna (*toponym*) (Rais, 2008:1). Naftali Kadmon dina Rais (2008), nyebutkeun yén manusa bisa leungit barang jeung pakayana, tapi anu moal bisa leungit mah ngaranna jeung tempat gumelarna. Saterusna masarakat ngagunakeun ngaran hiji jalma anu geus maot nu boga jasa éta keur méré ngaran unsur-unsur geografis atawa rupa bumi salaku tawis katineung kana jasa. Contona waé “rumah sakit Hasan Sadikin”, ieu dicokot tina nénéhna hiji tokoh Sunda dina widang kasehatan anu aya di Kota Bandung. Lian ti éta, aya ogé ngaran-ngaran séjén kayaning “Bandara Husein Sastranegara”, “Jalan Sudirman”, “Jalan W.R Supratman”, jeung sajabana.

Nalika hiji jalma nyicingan tempat pikeun hirup kumbuh jeung masarakat, hiji tempat dibéré ngaran dumasar kana tanda-tanda nu babari katingali jeung dipikawanoh di éta tempat, antukna ngajadi ngaran hiji tempat.

Aya élmu nu nalungtik kasang tukang ngaran hiji tempat disebut toponimi. Toponimi dina basa Inggrisna nya éta *toponym*, sacara harfiah nya éta ngaran tempat di muka bumi (“*topos*” nu hartina tempat atawa permukaan saperti topografi, gambaran ngeunaan tempat-tempat di bumi, jeung “*nym*” ina

“*onyma*” nu hartina ngaran, dina basa Inggris kadangkala disebut ogé *geographical names* (ngaran géografis). Numutkeun Reaper dina Jacob Rais (2008) toponimi ngabogaan dua harti, nya éta:

- a) élmu nu ngabogaan objék studina ngeunaan toponim dina umumna, jeung nalungtik ngaran géografis sacara hususna
- b) totalitas tina toponim di hiji wilayah.

Toponomi mangrupa bagian tina onomastika, anu ngabahas ngeunaan ngaran. Kaasup ogé anu miboga sifat alami (saperti ngaran walungan) jeung aya ogé anu miboga sifat jieunan (saperti ngaran kota). Dina *anatomi*, toponimi nya éta ngaran tina awak anu ngabedakeunana ngaran babagian awak. Dina widang *biologi* ogé, salah sahiji toponimi nya éta ngaran binomial tina tutuwuhan.

Numutkeun Kosasih (2010), toponimi sacara étimologis asalna tina kecap *topo* nu hartina tempat jeung *nimi* (*name*) nu hartina ngaran. Jadi, sacara étimologi toponimi hartina panataan ngaran-ngaran patempatan. Dina kajian *folklore*, toponimi téh séké sélér tina onomastika anu ulikanana ngawengku di antarana waé : méré ngaran jalan, ngaran atawa jujuluk jalma, ngaran kadaharan, ngaran bungbuahan, kaasup asal-usul ngaran hiji tempat dumasar kana ‘sajarah’ ngajanggélékna.

Dina toponimi aya dua aspek fisik jeung non fisik. Nu dimaksud aspék fisik nya éta mere ngaran patempatan nu diasosiasikeun jeung rupa-rupa fénoména alam nu nyampak jeung pernah aya. Sedengkeun aspék non fisik nya éta méré ngaran tempat nu teu diasosiasikeun jeung rupa-rupa fénoména alam nu

nyampak contona saperti hal-hal anu dipatalikeun jeung aspék mitologi, folklor, sistem religi (kapercayaan) masarakat jsté.

Istilah folklor tina basa Inggris, *folklore*. *Folk* nya éta sakabéh manusa ngabogaan ciri-ciri pengenal fisik, sosial, jeung kabudayaan, nepi ka bisa dibédakeun jeung nu lianna, sarta ngabogaan kasadaran sacara pribadi salaku masarakat. Sedengkeun *lore* nya éta hiji bagian tina kabudayaanana, nu diwariskeun sacara turun-tumurun sacara lisan atawa ngaliwatan hiji conto nu diilluan ku isarah atawa *alat pembantu pengingat* (Alan Dundes dina Danandjaja:1997)

Carita rayat mangrupa salasahiji nu kaasup di widang sastra. Dina élmu folklor, carita rayat mangrupa bagéan tina folklor lisan kusabab carita rayat sumebarna ngaliwatan lisan, tur diwariskeun sacara turun-tumurun, nu aya kaitanana jeung mangsa bihari. Dina carita rayat aya unsur survival, nya éta hiji hal nu masih kénéh aya dina budaya mangsa kiwari salaku titinggal ti mangsa bihari.

Ngeunaan carita rayat Iskandarwassid (1996) nétélakeun: “ Anu disebut carita rayat atawa carita balaréa nya éta warnaning carita heubeul anu sumebarna di masarakat, tatalépa ku cara lisan, bisa jadi ngalaman rupa-rupa raéhan (ngurangan, nambahan, jsté) sarta bisa jadi nimbulkeun vérsi. Anu kagolong carita rayat umumna mah dongéng, légénda, jeung mite. Dongéng- dongéng anu katingalina ciptaan anyar ogé bisa kénéh kaasup carita rayat asal geus sumebar dimasarakat sarta anonim.”

Dina ieu panalungtikan leuwih nyoko kana dongéng. Dongéng téh sok disebut ogé carita rayat (*folktale*) atawa carita balaréa. Pangna dongéng téh disebut karya balaréa, lantaran tara kanyahoan saha nu ngarangna tur sumebarna sacara lisan. Rusyana, Spk. (1978) nétélakeun yén carita rayat téh hasil karya sastra buhun winangun lisan, sumebarna sacara turun-tumurun di masarakat. Dumasar kana eusina, dongéng bisa dipasing-pasing jadi sababaraha golongan, nya éta: dongéng sasatoan, dongéng sasakala, dongéng babad, dongéng jelema biasa, dongéng paranabi/wali, dongéng pieunteungeun, jeung dongéng pamuk.

Ku kituna carita ngaran hiji tempat tangtuna ogé anu mibogana masarakat éta sorangan. Tapi jaman kiwari ngan saeutik jalma nu ngawasa tur maham sacara jéntré kana caritaan anu aya di hiji tempat. Hal samodél kieu nyababkeun perluna diayakeun panalungtikan langsung ka lapangan.

Di Kecamatan Cileunyi, loba ngaran daérah nu tangtuna ngabogaan sajarahna séwang-séwangan. Sanajan kitu nepi ayeuna can aya panalungtik nu nalungtik ngeunaan toponimi di Kecamatan Cileunyi. Salaku warga asli Kecamatan Cileunyi, panalungtik miboga tanggung jawab pikeun nalungtik toponimi nu aya patalina jeung sajarah lokal di ieu Kecamatan Cileunyi.

Ngaran kampung nu aya di Kecamatan Cileunyi dianatara Kampung Cipadati, Sukasari, Ciguruwik, Babakan Sumedang, Cipondoh. Cijambé, Ciborélang, Sadang, Pandanwangi, Langgeng, Sékéjéngkol, Goyang, Pasirkawung, Rancamaung, Bédéng, Kudang, Warunggedé, Liowarunggedé, Cipanileman, Galumpit, Jajaway, Kara, Cibirubeet, Gedong, Manjahbeureum, Warukut, Pajatén, Tanjakanmuncang jrrd.

Panalungtik lain jalma mimiti anu nalungtik ngeunaan toponimi. Saacanna aya Hidayat Kusdinar (taun 2011) nu nalungtik “Istilah Patempatan Dumasar Toponimi di Kecamatan Parongpong Kabupaten Bandung Barat”, Kosasih (taun 2010) Ngaguar Toponimi Masarakat Sunda, jrrd.

Ku ngaliwatan ieu kagiatan, urang bisa maham kana carita rahayat anu tumuwuh di masarakat di Kecamatan Cileunyi. Salian ti éta bisa ogé ngajawab kapanasaran masarakat nu aya di Kecamatan Cileunyi Kabupatén Bandung. Ku kituna salaku panalungtik kudu bisa néangan kana naon-naon waé nu jadi caritaan dina kahirupan masarakat jeung sangkan leuwih hade jeung bisa ngajawab kapanasaran masarakat dijieun dokuméntasina.

Dumasar kana pedaran di luhur ieu panalungtikan baris dijudulan “Ngaran-ngaran Patempatan (Toponimi) di Kecamatan Cileunyi Kabupaten Bandung, Pikeun Bahan Pangajaran Maca Dongéng Bahasan di SMA”

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

Dumasar tina kasang tukang di luhur, masalah nu aya dina ieu panalungtikan nya éta kumaha toponimi ngaran patempatan di Kecamatan Cileunyi dumasar kana carita rayat.

1.2.1.1 Watesan Masalah

Sangkan teu lega teuing ambahanana, ieu panalungtikan téh ngan medar ngeunaan kasang tukang méré ngaran tempat (toponimi) dumasar kana carita rayat di Kecamatan Cileunyi Kabupatén Bandung.

1.2.1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah tadi, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan, dirumuskan dina kalimah pananya ieu di handap:

- a. Kumaha kasang tukang ngaran tempat nu aya di Kecamatan Cileunyi Kabupatén Bandung dumasar kana carita anu aya di masarakatna ?
- b. Kumaha fakta sajarah ngaran tempat (toponimi) di Kecamatan Cileunyi Kabupatén Bandung ?
- c. Kumaha hasil kajian ngaran tempat (toponimi) di Kecamatan Cileunyi disusun jadi bahan pangajaran maca dongéng di kelas X SMA?

1.3 TUJUAN PANALUNGTIKAN

1.3.1 Tujuan Umum

Ngadéskripsikeun ngaran-ngaran patempatan dumasar kana carita rayat nu aya di Kecamatan Cileunyi Kabupatén Bandung.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- a. kasang tukang ngaran tempat nu aya di Kecamatan Cileunyi Kabupatén Bandung dumasar kana carita anu tumuwuh di masarakat.
- b. fakta sajarah ngaran tempat (toponimi) di Kecamatan Cileunyi Kabupatén Bandung
- c. ngaran tempat (toponimi) di Kecamatan Cileunyi disusun jadi bahan pangajaran maca dongéng di kelas X SMA.

1.4 MANGPAAT PANALUNGTIKAN

1.4.1 Mangpaat Tioritis

- a. ieu hasil panalungtikan bisa dipiharep méré sumbangsih pikeun kajian ilmiah budaya Sunda.
- b. ieu hasil panalungtikan dipiharep bisa méré sumbangsih kana mikanyaho folklor atawa carita rayat anu aya di masarakat.

1.4.2 Mangpaat Praktis

- a. ieu hasil panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban kabeungharan budaya anu aya di tatar Sunda
- b. dipiharep bisa ngadokuméntasikeun carita rayat nu aya di masarakat.

1.5 WANGENAN OPERASIONAL

Wangenan operasional judul ieu panalungtikan, nya éta:

1. Ngaran patempatan/ toponimi nu dimaksud dina ieu panalungtikan nya éta sakumna ngaran-ngaran tempat anu aya di wilayah Kecamatan Cileunyi.
2. Kecamatan Cileunyi nu dimaksud dina ieu panalungtikan nya éta tempat panalungtikan nu bakal dipaluruh carita rayatna.
3. Bahan pangajaran maca nu dimaksud dina ieu panalungtikan nya éta matéri nu bakal ditepikeun ka siswa ngeunaan carita rayat nu aya di Kecamatan Cileunyi hususna dina pangajaran maca dongéng. Jadi nu dimaksud ngaran patempatan (*toponimi*) di Kecamatan Cileunyi pikeun bahan pangajaran maca dongéng nya éta sakumna ngaran patempatan nu aya di ieu tempat dibagi-bagi dumasar kana carita rayat, pikeun bahan pangajaran maca dongéng di SMA.

1.6 ANGGAPAN DASAR

Dina ieu panalungtikan aya sawatara anggapan dasar saperti di handap ieu:

- a. Unggal daérah miboga ngaran nu béda, tangtuna tina ngaran anu béda éta miboga sajarah nu béda; jeung
- b. Ayana carita rahayat sok dijadikeun kasang tukang ngaran hiji tempat atawa daérah.